

## Bàkk Wi

Li l-Shaykhi l-Ḥajji Muḥammadi l-Fāḍil al-Mbàkkiyyi

Nadhama l-Murīdu l-ṣādiqu Shaykh Mūsā Ka

Wa katabahu Muḥammad al-Fāḍil Si kuwayteb Khādim

Bi idhni mina l-Shaykh Muḥammad al-Kabīr Ka fī al-Khalī fī

Wahqūfu l-taba‘a mahfūdhātu lahu

[Page 1]

Bismi l-lāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi

wa ṣalla l-Lāhu ‘alā saydinā Muḥammadin wa sallim

‘awnaka yā mu‘īnu wa bika nasta‘īnu

Deglu léen tay ma bàkkati mbër

Yàlla miy fale fal na ko buur

Shaykhu Faadilu moo aye tay

Yàlla may na ko laasindanoor

Rabbanā ko dogal ca Khadīm

bi khadīmi l-bashīri l-nadhīr

[Page 2]

La mu def ku ko bañ yaa di dof

Lā mu‘aqība mooy waxi buur

Jokku naa ca xaliifatu man

Yeeslu naa ca daloo bee ca biir

Jokku naa jekk naa jikki naa

Dootu man di wëréeleu ba réer

Yegg nan yokk nan jáll nan

Jommal nan xaliifaak Siidi Nuur

Jáll nan war ca gaal ga ca Mbuur

waaxu nan ba ca waax ba ca Mbuur

[Page 3]

Irkabū gaa yi nan ñaani paas

Shaykhu Fādilu gaal gaa ngi teer

Sóobu nan sàppe nan jáll nan

Gaaju nan ba ca géej gee fa Mbuur

Sëmbu nan sangu nan jàpp nan

Sukkaleef nu ca duus ya fa Mbuur

Saantu naa sant naa séddu naa

Xaliifaa ma yafal maa ka suur

Jaaru naa jàndi naa màndi naa

Daane naa Faati Njaay mee fa Mbuur

[Page 4]

Bamba naa bàkk naa sama mbër

Làng naa maa ngi way sama géer

Làggu naa waliyoo wàlli naa

Lànk naa dul ma wàllil Kajoor

Wàllu naa wàlle naa woote naa

Wuysi naa wàlla may këbkëboor

Wàlliyaan seeni kër tégguwul

Sàjj nan làmbi Yàlla di buur

Tawakal nā ‘alā Rabbinā

Tawasalnā bi Shaykhin Kabīr

[Page 5]

Ràgg naa wopp naa washfinī

Nang ma saafara shāfi l-şudur

Làmbi diine ji sàjj na tay

Mbàkke mbaa tew Busooy jël kubéer

Songi leen jàggi leen joggi leen

Yal na ngeen daane mbër yee ca biir

Àddunaaki bàkkan ñoo ma lor

ak bânneex ak ku rëy kii ma fir

Kul ma leen daneeloon bal ma wéy

Rendi leen yaa di Shaykhun Kabīr

[Page 6]

Sama ndaama la moo bari ndam

Ndaama dàmbej Bawol ak Kajoor

Ndaama laa jara way jara kañ

Maa ko kañ ba ni kaj yori cuur

Ku ko bañ maa la mbej toj sa bēñ

Ku ko mer tee nga wéy Sigicoor

Ku ko bañ boo demee ci bàmmeel

da nga gis Munakkir ak Nakiir

Ku ko bañ boo demee fa siraat

Doo fa jàll nde doo am sofeer

[Page 7]

Ku ko bañ naari jël xaalidan

Mbolde dal gis nga fi hā Zafir

Maa di Khādīmu l-Aḥḥmadanā

Maay géwél fa kēram moo di géer

Bamba naa bàkk naa Mustafaa

Fā'ilun laa wayoon mat na góor

Khādīmu l-Mustafā maa ko way

Maa ngi way Fāḍilan ak Bashīr

Feelu naa faale naa Faḍlunā

Faḍala l-Lāhu Yālla di buur

[Page 8]

Lii ngénéel awookaa du ko lay

Man yashāh'u ku ko sóob mooy Qadīr

Sibtu Bàlla ma fiiru fa ḥay

Doomi baayi Sëriñ Bàlla Joor

Sibtu Maam Asta Waalo Buso

Doomi Maam Jaara doo bàcc coor

Mbër ma xuus na ca géej ya fa Mbuur

Bamba naan na ca gééj ga ca Buur

Neel ku onsu ka tek tasqīnī

Moo ko wax màndi nan kaasi buur

[Page 9]

Remmbat nan fállax nan moo nu duy

Kaasi buur wuute naak kaasi beer

Baayi Faatimatin maa ko fat

Sama nar seedoo bile dal na te wóor

Baayi Shaykh Murtadaa laa gërëm

Baayi Maymuna deesu ko joor

Baayi Muuminatin maa ko gëm

Ku ko gëm daaldi gën tee nga buur

Baayi Aaminatin maa ko am

ku ko am dootu xaaraani reer

[Page 10]

Baayi Muslimatin maa ko mos

Ku ko mos dolli suukara seer

Baayi Maymuna mee moo ma may

Soxna yii deñc naa ba ca Mbuur

Baayi Aysatin maa ko as

Googa gééj dootu fer maa ngi fuur

Moo ma may ciy yéréem maa ngi sol

Donnloo na ma ab sabadoor

Moom la Maam Cerno daa barkeeloo

Ngir Ka' ab sol na mbubbam Bashir

[Page 11]

Moo ma yar moo ma yor bul ma roy

Kul ma roy xam ne roy dul fi piir

Moo ma def kharqa 'adatih

Fu ma jem nyuy ma xaar ni ki buur

Moo ma def mu 'jizati wayam

Moo tax it sama way dem na Mbuur

Moo xorom sama way ba mu saf

Moo tax it sama tur dem na biir

Moo ma def werakaanu keram

Moo tax it sama wax dem ba woor

[Page 12]

Moo ma may fu ma jem nyuy ma may

Moo tax it maay jigéen moo di goor

Moo ma fal ba ma siiw ba ca Ndar

Jall naa wey Jiwaalook Giloor

Moo ma may lii ma am maa gerem

Ku ko ban nal ma jox maay siboor

Kiilu naa koolu naa kollu naa

Hamdu li l-Lahi hamdan kasir

Bamba delsi na Tuubaa lanaa

Kaani doom baa toxal waa Jandeer

[Page 13]

Mbër mi dem Màkka dem Tayba dem

Marwataa ki Safaa yaa ka seer

Mbër mi moom Mbàkke moom Daaru moom

Njurbel ak jàkka jii yaa di buur

Yande Ngaan tasbital yaa fi mën

Bàkk leen bàkkuraan Mbàkkee wóor

Mbër mi moom xarnu beek jàkka jii

Donnu Tuubaa su doon làbbey soor

Yaw sa may gii sagan dul ko am

Bamba daal la ko am fi l-duhūr

[Page 14]

Yaa nuyook Mustafa l-Mujtabā

Yow ziyaara nga Khayra Qubūr

Yaa nuyook Baabakar ak Umar

Naan nga zam-zam ma def xayru biir

Aj nga umra nga dem nga Minna

Sànni jamra ya jam nga Bashīr

Wër nga Ka‘bata Khayri l-warā

Gàlliwoo yaa di ab libidoor

Yaay wurus tey ngalam duñ la rax

Waaja lay saasa lay saf kulóor

[Page 15]

Wuute ngaak gaa yi tay doo përem

Yaay dërëm wuute ngaak aw xandeer

Yaay Shariif tey xaliifay Xadiim

Yaa demoon Qayşara ak Quşūr

‘ālimun wari’u ḥāfidhun

Yaa nu daa naafilaal weeru koor

Nāṣiḥun li l-warā bāri’un

Ka ma raw yaa ko raw yaa ngi fuur

Bādhilun ‘āqilun fāḍilun

Ka ma gën yaa ko gën yaa di weer

[Page 16]

‘ābidun qāsidun sājidun

Ka ma mën yaa ko mën yaa ko dóor

Khāshi’un khāḍi’un rāki’un

Yaa rawoon Nguuda Kan moom Geloor

Sayyidun mājidun wāḥidun

Yaa fi dem weesu Faas romb Tuur

Yā ‘imādal warā

Yaa nu mag yaa nu raw yaay kabiir

Sābiqun ṣādiqun ḥādhiqun

fawqa ngay lawliyaa fi l-duhūr



[Page 17]

Kāfilun kāmīlun yaa ka mat

Yaa nu sut ron du maasam dugóor

Qulwa mā ‘aybuhū ‘indahum

Qhayru khawfi l-samī‘il baṣīr

Say xawaare xajul ciy Wolof

Say maqaamaa tee jommal saghīr

Bāraka l-Lāhu fī faḍlīnā

Jamma néex yow yoroo jamjamoor

Yow sa ay gii amul ay wu rēy

Géer bi jeex marsandiis dootu seer

[Page 18]

Soxna Awa Buso làqi ndam

Moo nu ñaag ku ñówul dootu reer

Saafu nan soosu nan céebu nan

Tibbu nan tàbbu nan noo ka suur

Marḥaban marḥaban jël nga ndam

Mashriqan Maghriban yaay singoor

Góor nga ruu yi fi gën yaa fi gën

Ruu yu bon yaa la bañ diy siboor

Lā takhaf bul ragal yaa fi mën

Way boroom àll bee ñay faloor

[Page 19]

Mase ndaw nen du fiiró ki doj

Doomi ndaamaa ngi sóorug ñaloor

Makkarū makkara l-Lāhu faf

Yàlla nee seen pexee yàgga tóor

Wuute ngaak xulafaawu ya wáy

Jën wu tooy wuute naak bët-bëtoor

Yaa fi roy Khādīmu l-Mustafā

Uu mu mat wuute naak ab gunóor

Mandig leer wuute naak mandig naan

Gaynde Njaay wuute naak Bukki Njuur

[Page 20]

Xarnu bii yaa fi gën yaa fi raw

Baa bu mat wuute naak am sawoor

Xarnu bii bastulam yaa ko ful

Faḍlunā yaa kumal yaa siloor

Xarnu bii sun jigéen ñaa ngi sol

Ay bolok duñ xarootiy musóor

Xarnu bii yaa ko naatal bu wér

Béx-béxil yaw sa ay gee ka lóor

Xarnu bii wata yiy bar-baree

Téx-téxil yaw téxil tooli joor

[Page 21]

Sandikaa ka ko gañ yaa ko gañ

Yaa nu dellooy daraak sabadoor

Kursu bii ka ca raw yaa ko raw

Yaay përemyeer ba yaa teggi tuur

Yā imāma l-warā wommatal

Khudh zimāma l-warā fi l-‘uṣūr

Nit ku ñuul ak ku weex nangu nañ

Ñii di way ñaa ni wéy yaa di buur

Wommatal jox sa baay leenu béew

War nanoo sant tey xeñ sa mboor

[Page 22]

Ràbb yee rabbi leen saaji leen

Suur bëree tekki leen seeni cuur

Sàmm see tuubi leen mokki leen

Suq see soqi leen seeni cuur

Waaju way te wayoo kii ma way

ab dërëm ngay wayal mbaate buur

Ku la bañ Yal na xëy gisi mbej

mbaa mu jis Munakkir ak Nakiir

Ku la am Yal na am ay dërëm

Am ngërëm am këram mel ni buur

[Page 23]

Tarbiyaal tarqiyaal noo la gëm

Sañ nga noo jënde ay wata foor

Yaa yayoo jël àddiyyaatinaa

Sañ nga noo jënde ay fatafoor

Yaa nu moom ngir sa baay moo nu may

Sañ nga noo jënde ay sabadoor

Diine jii yaa fi mag yaa fi raw

Mbàkke mag dul fi topp saghîr

Mbàkke bañ koy xëcoo awwalan

Bàlla Aysaa ko jël mooy kabîr

[Page 24]

Doomi Bamba yi tay yaa ci mag

Wàlliyaan doo fi yóbbuy kubéer

Kenn weranteetul ak sama mbër

Làng gaa ngi ni nuut yaay kabîr

Làmbi diine ji tay yaa ko wub

Tool bi yaay jëwriñam tee nga buur

Gaa yi lay kontar ak ñii la bañ

Maa la bañ nañ la bañ duñ Qadîr

Parti beek banda yii léppa yam

Yàlla noppi na biteeki biir

[Page 25]

Lum defar yàqkat dul ko faj

Daane mag daanu xaj na ca biir

Dee nu sas dee nu woo yaa nu doy

Bul yërëm bul nu rus dee nu dóor

Loo nu jox yaay defar baatinam

Gumba lan yaa di njàccaari buur

Tool bi gaa yaa ngi bay seeni sas

Yaw jumaa jaa ngi dal ngaw putoor

Masjidun jāmi‘un rāfi‘un

Ka‘bata l-Lāhi Tuubaa ka foor

[Page 26]

Bamba nee su ko nit tabaxul

Ay malaa’ika ñów diy siboor

Bi l-amīni l-amīni l-amīn

Moo di seenub antalparanóor

Rabbanā innanā nàngu nan

Hablanā bi l-munāfi l-duhūr

Yaay donoy kay donoy Mustafaa

Mâggalal kàbbaral woo sa mboor

Yal na jàkka ji mat ba nu tëj

Te nga def ilimaan yaa kabīr

[Page 27]

Yal na say doomi baay yépp sax

Far tabax seeni kër muy xusoor

Yal na fan wii di wéy may yi wéy

Ku la xaar Yal na xàddee qubūr

Lépp lum diglewoon yal na am

Ci sa ay gii nga and ak Bashīr

Yal na doomi Sëriñ Bamba yii

Yàgga donnante mbooti duhūr

Yeggal naa Yàlla naa yàgga way

Sama mbër maay géwél moo dib géer

[Page 28]

Yàlla naa yàgga bàkki mbiram

Ndax mu may ma riḍan wa tabūr

Léebu naa say koraṅ maa ko yor

Maysa Géy Mbaara ngii Njàmmey door

Fental naa bahru gii sama mbër

Jommal naa gaa ya cor seeni peer

Noppi naa xatmu naa sama way

Yandi Ngaana ngi nii yor ngoliir

Yegg nan yegg nan yeggal nan

Julli nan ci Rasūlin Kabīr

[Page 29]

Şalliyān sallimān sarmadān

Rabbanā ci bashīrin nadhīr

Wardā ‘an Shaykhinā Qutbinā

Baayi Faaḍilinā ak Bashīr

Te nga may Soxna May ngën ji may

Te defal koy ngërëm fal ko buur

Te nga may li Khadīmi l-Khadīm

Njàmme Ka ngërëmal génn góor

Nee ma aamiina aamiina ndax

Yàlla may nuy ngërëm fal nu buur.